Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 45 (7394)
24 Октябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Санитариябгун эпидемиялъул комиссиялъул данделъи



Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана «Сибиралъул язва» унтиялде данде хIалтIаби гьариялъул суал гьоркьоб лъураб санитариябгун эпидемиялъул комиссиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал ГI-М. МухIамадов, М. ХIамзатов, ветеринарияб управлениялъул бетIерав врачасул зам. М. ГIабдулаев, ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, росабазул бутIрул ва цогидалги.

Заседание байбихьулаго районалъул бетIерас тIадчIей гьабуна: «РДялъул Правительствоялъул санитариябгун эпидемиялъул комиссиялъ бихьизабулеб бугин республикаялда «Сибиралъул язваялда» хурхун хIалуцараб хIал бугин. Новолак районалда 2 лъугьа - бахъиналъул хъвай-хъвагIай гьабун буго ветеринарияб хал гьаби тIобитIулаго щаклъи бугеб хIайван хъвеялъул. Гьелда хурхун цIодорлъиялъул хIалтIаби гьаризе хIажат букIиналъул бицине данделъун руго нилъ жакъа, гьединлъидал киназдаго лъазабулеб буго гьеб суалалдехун цIодорго балагье» - ян, тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.

Жиндирго кIалъаялда М. ГIабдулаевас тIадчIей гьабуна школазул, ясли-ахазул квание босулеб гьанаде кIвар кьезе кколин, хасаб справка гьечIого гьан босизе бегьуларин.

Районалъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ кIалъалаго бицана гьеб инфекциялъул бугеб хIинкъиялъул, гьелъул симптомазул, сах гьариялъул, дандечIеялъул ва баккараб куцалъул. «Гьединаб ахIвал-хIал лъугьани, заманалда чIезабизе ккола гьеб бугеб бакIалъул гIорхъаби, босизе ккола кьварараб хъаравуллъиялде гъоркье» - ян абуна гьелъ. Гьединго гьелъ бихьизабуна боцIуе ва гIадамазе вакцинация гьабизе ккolin, гьан босулаго цIодорго рукIине ккоlinги.

Заседаниялъул хIасилал гьарулаго гьабуна гьадинаб хIукму. Жанисел органазул хIалтIухъабигун цадахъ тадбирал гьаризе несанкционниял бакIазда гьан ва цогидалги продукциял ричизе гьукъизе кколел документал гьечIезул, боцIи хъолел бакIазда хъаравуллъи чIезабизе, социалиялгун медицинаялъул организацияз гьан ва цогидалги боцIул продуктаби гIезарулезда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIаби гьаризе, продукциялъул букIине кколеб документация хIадуризе гьелъул бетIергьаби тIамун хадуб хал кквей букIинабизе.

## Иргадулаб данделъи

22 октябралда райадминистрациялда букIана аппараталъулаб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна районалда гьарулел хIалтIабазул суалал. Данделъиялда гIахьаллъана бетIерасул зам ГI. МухIамадов, депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, бетIерасул кумекчи ГI. ГIумаров ва цогидалги администрациялъул хIалтIухъаби.

Данделъиялда бицана организациял хасалиде хIадуриялъул, нухазда ремонтал гьариялъул, инвестиционниял программабазул, проектазул, районалда тIобитIизе бугеб «Инагьде, дир хъумуз!», «Авар кIочIол сордо» тIобитIиялъул.



КIалъазе рахъараз бицана росабалъ хасалиде гьарулел хIадурлъабазул, нухал ва лъел мохъал къачIаялъул. Хадуб росдал магIишаталъул отделалъул начальник Ж. Якъубовас бихьизабуна 11 гIолохъанал хъизаназе жанир чIезе бакI босиялъе кумек гьабунин.

Ахиралда хасал хIалтIабазе жавабиял рихьизаруна.

## Нухал гIатIид гьариялъе



22 октябралда «Жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул хъулухъалъул» МКУялъул нач А. ГIабдулхаликъов ва муниципалияб жилищнияб хъаравуллъиялъул инспектор А. МухIамадов щвана Майданское, Балахъуни, некIсияб Зирани росабалъе. Гьелгун рукIана Майданск росдал бетIер А-ХI. НурмухIамадов, «ЮГГИДРОТЕХНОСЕРВИС» ОООялъул подрядчик С. НурмухIамадов. Нухда унаго гьез хал гьабуна Майданское - ЦIантIа – Анжух – Хунки магIишаталда жанисеб 5км нухазул.

Гьел хIалтIаби гьарулел руго тIадехун рехсараб ОООялъул нухмалъиялда. Гьаризесел хIалтIабазул списоказда руго рагIа-ракьан бахъун кIиябго рахъалъ нух гIатIид гьаби, подпорнияб къед гьаби, щулалъиялъул хIалтIаби гьари, бакIаб техника бачиналъе. Киналго хIалтIаби гьарулел руго графикалда рекъон.

## ХIалтIулаб дандчIвай

Араб анкьалда районалде вачIун вукIана доктор-политолаг, политикиял захIмалъабазул Академиялъул вице-президент, «Российский конгресс народов Кавказа» общественнияб багъа-бачариялъул сопредседатель Денга Халидов. Гьевгун дандчIвана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва райадминистрациялъул коллектив.

ХIалтIулаб дандчIваялда Д. Халидовас бицана Дагъистаналъул тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул. Россиялъул Академиялъул Дагъистаналда бугеб ГIелмияб Централъ хIадурараб «МугIрул районазул этнокультура ва экономика, захIмалъаби, масъалаби», - абураб суалгун тестовияб материал бакIарулеб бугин. «БакIарулеб бугеб материалалда гьоркьобе уна мугIрул районазул захIмалъаби, цере иналъе нухал. Гьел тIуразе ресал ралагьи. Гьелъ рес кьезе буго республика цебетIеялъе цIияб толчок кьезе. Гьел суалал гIумруялде рахьинаризе ккола системниял бухьеналдалъун – росабазул администрациял, депутатал, общественность, культура, киналго цадахъ лъугьун хIалтIун»,-ян бихьизабуна Денга Халидовас.

«Эксперталъул вопросник» гIуцIун буго 7 бетIералдасан:

1. Росдал социалиябгун-экономикияб ахIвал-хIал ва ракь хIалтIизабиялъул гIадатал.
2. БакIалъулаб самоуправление ва росу цебетIезабиялъулъ дандчIвалел захIмалъаби.
3. Росдал экономика, районалъул фермерлъиялъул



магIишат ва жидерго подсобнияб магIишат.
4. Районалъул, росдал культура ва гIадатал.
5. Росдал этнокультура - туризм ва халкъиял промыслаби.
6. Эменазул ва лъималазул захIмалъаби яги «Щиб лъикIаблъун бихьулеб мугIрузда гIурал лъималазда?».
7. Росдал социалиябгун демографическияб портрет

Дискусиялъул иналда гIахьаллъчагIаз кьуна цоцазе суалал, цоцада рицана ругел бухьенал, рорхана кIвар бугел суалал. Республика, район цебетIеялъе гьабулеб хIалтIулъ цебетIей гьарана хадубги бетIерас

Ахихъан
Районалъул газета
№ 45 (7394)
Хамиз
24 октябрь 2019 сон



Гьал къоязда районалда 26 октябралда тIобитIизе бугеб «Инагьде дир хъумуз!» ва «Авар кочIол сордо» абурал тадбиразде хIадурлъиялъул гIуцIиялъул комиссия данделъун букIана. Балагьана программаялде росулел суалазухъ, гIахьаллъулезул сияхIалъухъ, тадбир тIобитIулеб бакI художественнияб къагIидаялъ къачIаялъухъ, рачIаразе гьаризесел сайгъатазухъ. КIалъазе рахъараз бихьизабуна тадбир тIадегIанаб даражаялда ине кколилан.



# УПФалде цIияв начальник тIамуна



16 октябралда Унсоколо районалде вачIун вукIана ва гьелъул бетIергун дандчIвана РДялъул ОПФРалъул нухмалъулев ГIисаев МухIамад ГIисаевич, гьединго гьесул нухмалъиялда ругел пенсионнияб фондалъул управлениязул вакилзаби. Районалъул пенсионнияб фондалде нухмалъулевлъун тIамуна АхIмад Казимбегович, гьесул замлъун гьавуна А. ГIалисултанов.

Тадбиралда гIахьаллъана управляющиясул зам. Н. Сулейманов, отделалъул нач. ГI. Шарапов, гIадамал тIаде къабул гьариялъул отделалъул нач. А. Загьидова, Унсоколо районалъул куратор Г. Къурбанова, Гумбет районалъул пенсионнияб фондалъул нач. Ж. Жамалудинов, пресс-хъулухъалъул нач А. Сункулиева.

Гьенирго гIахьаллъана районалъул клиентазулгун хъулухъалъул нач. С. Бартыханова. Отделалде восана М. ГIабдурахIманов, персонифицированнияб учеталде – Ш. ГIабдурахIманов.

# Спортсменазулги гIолилазулги дандчIвай



Гьал къоязда гIолилазда гьоркьоб экстремизм, терроризм лъугIизабиялъул мурадалда тадбир тIобитIана Шамильхъалаялъул ЦДКялда. Гьенире ракIарун рукIана школазул цIалдохъаби, спортивиял школазул спортсменал. Тадбир гIуцIараллъун цере рахъана РДялъул Спорталъул министерство, районалъул администрация ва диниял идараби.

Терроризмалъул ва экстремизмалъул бугеб заралалъул бицун кIалъазе вахъана ГI. НурмухIамадов, Министерствабазул ва рухIияб рахъалъул вакилзаби, инвесторал, спортсменал. Гьезда гьоркьор рукIана РДялъул спорталъул министрасул зам. ХI. ХIайдарбегов, РДялъул БетIерасул кумекчи С. Сайпов, РДялъул Муфтияталъул вакил ХI. МухIамадов, РДялъул спорталъул министерстваялъул физическияб культураялъулгун спорталъул управлениялъул нач. Х. МахIачев, Россиялъул боксалъул рахъалъ мустахIикъав мастер Н-М. Шанавазов, греплингалъул рахъалъ дунялалъулго чемпион Ш. МухIамадов.

Программа бачана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулевас.

# ЦIатIанихъ школалда - рохел

Гьал къоязда капиталияб ремонтги лъугIун ЦIатIанихъ рагьана росдал школа. Гьезул рохел бикьизе гьоболлъухъ рачIун рукIана районалъул бетIерасул зам ГI-М. МухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель М. Юсупов, лъай кьеялъул отделалъул начальник Л. МухIамадгIалиев, культураялъул отделалъул начальник ГI. ГIабдулаев, школалъул педагогал, цIалдохъаби росдал гIадамал. Тадбиралде ахIун рукIана хIурматиял гьалбал, росулъа рахъарал хIурматиял гIадамал, ЦIатIанихъ школалъе кьучI лъурав ва 70 соналъ педагоглъун хIалтIарав Эхо Камалудинов, Шамильхъалаялъул больницаялъул бетIерай врач З. ГIабдулмутIалимова, кочIохъан ГI. Бигишиева.

Школалъе цIилъи кьуна «I50 школ» проекталда рекъон кумекги щун. Гьенир хисун руго гордал, нуцIби, чердак, ремонт гьабун буго киналго классазе.

Ахир 4 гьум.

Нухал - нилъер бечелъи

# Нухал – бакIазул «бидурихьал»

**КIудияб кIвар буго нухал къачIалел организациязул хIалтIул бакIалъулаб гIумроялъе. Гьел гьариялдего гIадин къачIаялдеги бичIчIигун балагьизе ккола, намус бацIадго тIубазабизе ккола киналго рахъал.**

Унсоколо районалда гьеб иш тIубазабулеб буго «Унсоколо № 36 нухазулгун эксплуатационнияб предприятиялъ». Жидерго профессионалияб праздникалда цебе (гьеб букIана 20 октябралда) гьадин бицана ДЭПалъул бетIерав инженер МухIамад ГIабдулаевас. «ЗахIматалъул коллективалъ жаниве вачуна 27 чи, гьезул 9 ккола механизаторал. Предприятиялъул Генералияв директор ккола ТIагьиров Юсуп МухIамадхIажиевич. Организациялъ хъулухъ гьабула 150 км нухазе, гьездасан 46 км. ккола республикаялъул кIваралъул, 74 км. ккола бакIалъулаб. Гьединго буго 17 кьоязул конструкциял, нухазда руго искуственниял сооружениял» - ян бицана гьес.

Нухал руго лъикIаб хIалалда, гьелъ бицуна гьезие хъулухъ гьабулеб букIиналъул. Мисалалъе, 2019 соналда организация хIалтIулеб буго «ГКУ Дагестан Автодоралъул» къотIиги хъван. Планалда рекъон хIалтIи гьабизе кколаан 13мл 774 000 гъурущалде. ХIалтIул гьеб объем тIубазабун буго. Гьеб ккола нухазда гьабулеб хIалтIи, гунтIбузул ремонт гьаби, гIала-гъважаялдаса нухал рацIад гьари, гIаламатал хиси нухазул рагIалаби рахи. Бихьизабизин, «ДЭП 36 ва» «Амирбек ОООялъ» кIудияб кумек гьабуна организациялъе.

Нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе кIудияб кIвар буго гунтIби рацун гьел ритIизарун гьариялъул. Аслияб къагIидаялъ гьединал хIалтIаби гьарулел руго гьабсагIаталда ГьаракIуни площадкаялдаса – Унсоколобе ва Саргъи-кьотIе, Унсоколо – ГIашильтIа – Генуб – Буйнакск – Зирани – Балахьуни нухаздаги унел руго гьединалго тайпабазул хIалтIаби. ГьаракIуни площадкаялдаса Зирани кьотIе – Майданск – Балахьунибе тIаде жо бан нухал ритIизарулел руго. Гьединалго хIалтIаби унел руго ЦIатIанихъ – ХъахIабросо нухаздаги.

«Аслиял захIмалъаби нижер хIалтIабазе гьарула чвахун цIадаз. ГьабсагIаталда бугеб техникаялъ гьеб лъикI бачине рес кьолеб гьечIо басралъун букIиналъ, гьеб цIияб босизе хIажат буго. ГьабсагIаталда унеб буго хасалиде хIадурлъи, буго 20 тонна цIамул, 150 кбм песокалъул» - ян бицана хадубги бетIерав инжинерас.

Бихьизабизе ккола, Унсоколо районалда нухазда хIалтIаби гьарулел руго «Мой Дагестан – Мои дороги» республикаялъул приоритетнияб проекталда рекъон. Хасго унел руго Шамильхъалаялъул нухазда, гьениб асфальт тIуна аслиял къватIазда. Гьеб проект гьабуна Дагъистаналъул бетIер В. Васильевасул хIаракаталдалъун.

ГьабсагIаталда районалда унел руго Унсоколо росдал С. Араканскиясул цIаралда бугеб къотIносан байбихьун ГIинтIибе щвезегIан благоустройствалъул ва грунтовиял нухазда 5,963 478 азарго гъурущалде хIалтIаби гьари. Гьединго Майданское росулъги 5,678 450 азарго гъурущалде хIалтIаби гьарулел руго. ХъахIабросулъ ва ЦIатIанихъ нух бикьуде щвезегIан грунтовиял нухал гьарулел руго 4, 632 728 азарго гъурущалде, Генуб росулъ магIишатиял жанисел нухал гьарулел руго 71, 640 азарго гъурущалде.



**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 45 (7394)
Хамиз
24 октябрь 2019 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере



# ИЗВЕЩЕНИЕ
# о проведении конкурса

**Наименование конкурса** – конкурсный отбор участников мероприятий по предоставлению субсидий в рамках государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан»:
- на строительство малогабаритных теплиц в горных территориях Республики Дагестан;
- на строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции в горных территориях Республики Дагестан;
- на создание гибких, современных мини-перерабатывающих производств в горных территориях Республики Дагестан;
- на создание предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов, в горных территориях Республики Дагестан.

**Форма конкурса:** открытый конкурс.

**Предмет конкурса** – отбор участников государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» по мероприятиям:
- «Предоставление субсидий на строительство малогабаритных теплиц в горных территориях Республики Дагестан»;
- «Предоставление субсидий на строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции в горных территориях Республики Дагестан»;
- «Предоставление субсидий на создание гибких, современных мини-перерабатывающих производств в горных территориях Республики Дагестан»;
- «Предоставление субсидий на создание предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов, в горных территориях Республики Дагестан».

**Организатор конкурса:** Министерства экономики и территориального развития Республики Дагестан.

**Адрес:** 367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Абубакарова, 67; тел.: 8 (8722) 67-29-50. адрес электронной почты: **minec@e-dag.ru.**

**Условия участия в конкурсе:** заявку на участие в конкурсе могут подать юридические лица и индивидуальные предприниматели, зарегистрированные и осуществляющие хозяйственную деятельность в горных территориях Республики Дагестан, соответствующие требованиям и условиям, определенным в пункте 1.2 приложений 2,3,4 и 5 к постановлению Правительства Республики Дагестан от 9 сентября 2019 года №217 «Об утверждении положения о комиссии по конкурсному отбору инвестиционных проектов и порядков предоставления субсидий для реализации мероприятий государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».

**Для участия в конкурсе претенденты представляют:** полный пакет документов согласно пункта 2.1 и абзаца 7 пункта 2.5 приложений 2,3,4 и 5 к постановлению Правительства Республики Дагестан от 9 сентября 2019 года №217 «Об утверждении положения о комиссии по конкурсному отбору инвестиционных проектов и порядков предоставления субсидий для реализации мероприятий государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».

**Место подачи заявок и документации для участия в конкурсе:** многофункциональные центры Республики Дагестан, а также Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Абубакарова, 67 (административное здание Минэкономразвития РД), отдел развития инвестиционной инфраструктуры, каб. 22 в рабочие дни с 10 до 16 часов, тел.: 8 (8722) 67-20-13.

**Дата начала подачи заявок и документации:** «01» октября 2019 г.

**Дата окончания подачи заявок и документации:** 17 часов 00 минут «01» ноября 2019 г.

Перечень нормативно-правовых актов, регулирующих порядок предоставления субсидий, и положение о конкурсной комиссии и утверждающих форму заявления для участия в конкурсе размещены в информационно-телекоммуникационной сети интернет на официальном сайте Министерства экономики и территориального развития Республики Дагестан по адресу: www.minec-rd.ru, в разделе: «Деятельность», направление деятельности – «Развитие горных территорий», «Госпрограмма РД «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан»».

**ИЗВЕЩЕНИЕ о проведении открытого конкурса — Новости — Пресс-центр — Минэкономразвития Республики Дагестан**

# Реализуемые в Унцукульском районе инвестиционные программы и проекты на 2019 год

1. Строительство школы в сел. Балахани по Республиканской инвестиционной Программе РД (**РИП**)
2. Разводящий водопровод в сел. Унцукуль по Республиканской инвестиционной Программе РД (**РИП**)
3. Ремонт автодороги в пос. Шамилькала по программе «**Безопасные дороги**»
4. Завершение строительства футбольного поля в с. Унцукуль - **Проекты местных инициатив.**
5. Выполнение строительно-монтажных работ по газификации с. Майданское по Государственной Программе РД **«Устойчивое развитие сельских территорий до 2020 года»**
6. Капитальный ремонт здания спортивного зала МКОУ «Унцукульская СОШ №1» программа по капитальному ремонту пришкольных спортивных залов **Министерство образования и науки РД**
7. Проектно-изыскательные работы и строительство ФАП в сел. Моксох по Государственной Программе РД **«Устойчивое развитие сельских территорий до 2020 года»**
8. Строительство ФАП в сел. Новый Цатаних по Государственной Программе РД **«Устойчивое развитие сельских территорий до 2020 года»**
9. **Проект «150 школ» капитальный ремонт зданий**
   Цатанихская СОШ
   Ашильтинская СОШ
   Гимринская СОШ
   Зиранинская СОШ
10. По Государственной Программе РД **«Устойчивое развитие сельских территорий до 2020 года»**, Подпроекта: Обеспечение жильем молодых семей и сельских работников – предусмотрено на 2019 год 11 семей.
11. Проектно-изыскательные работы и строительство детсада на 120 мест в с. Унцукуль по Республиканской инвестиционной Программе РД (**РИП**)
12. Проектно-изыскательные работы и строительство ФАП в сел. Моксох по Государственной Программе РД **«Устойчивое развитие сельских территорий до 2020 года»**.
13. Проектно-изыскательные работы для строительства детсада на 300 мест в пос. Шамилькала
14. Проектно-изыскательные работы для строительства Шамилькалинской СОШ на 800 мест
15. Капремонт резервуара на 1000 м3 в сел. Ирганай за счет районного бюджета МО «Унцукульский район».
16. Водопровод в сел. Гимры за счет районного бюджета МО "Унцукульский район»
17. Капремонт водоема-резервуара для воды в сел. Ашильта
18. Ремонтные и восстановительные работы дорог по ул. С. Араканского и устройство временных профилированных грунтовых дорог в местности «Инти» в рамках благоустройства территории с. Унцукуль за счет районного бюджета МО «Унцукульский район».
19. Устройство грунтовых дорог от с. Кахабросо до развилки с. Цатаних за счет районного бюджета МО "Унцукульский район».
20. Ремонт автомобильных дорог в пределах населенного пункта Майданское за счет районного бюджета МО «Унцукульский район».
21. Восстановление внутрихозяйственных дорог в с. Гимры за счет районного бюджета МО «Унцукульский район».

# ИЗВЕЩЕНИЕ О ПРОВЕДЕНИИ КОНКУРСА

«Центр занятости населения в МО «Унцукульский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по оказанию содействия в трудоустройства незанятого молодого инвалида на оборудованные (оснащенные) для него рабочего места государственной программы Республики Дагестан «Содействие занятости населения», утвержденной постановлением Правительства Республики Дагестан от 12 ноября 2013 г. № 597.

Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 12 марта 2019 г. № 07/1-118 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 24 декабря 2018 года № 187 «Об утверждении Порядка реализации мероприятий по содействию трудоустройстве незанятых инвалидов на оборудованные (оснащенные) для них рабочие места.

Заявление на участие в конкурсном отборе документы принимаются **с 24.10.2019г. до 11.11.2019г. включительно.**

Субсидии предоставляется юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, которые по результатам конкурсного отбора признаны конкурсной комиссией победителями, в размере их фактических затрат, связанных с реализацией ими мероприятий по содействию в трудоустройстве незанятых инвалидов, но не более 76,3 тыс. рублей на одного постоянное рабочее место (размер субсидии установлен в соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 24 декабря 2018 г. №187 «Об утверждении порядка реализации мероприятий по содействию в трудоустройстве незанятых инвалидов на оборудованные (оснащенные) для них рабочие места».

**Ведущий инспектор по трудоустройству ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район» Магомедалиев Р.А.**

Лъай кьей

# ЦIатIанихъ школалда - рохел



Роха - хинлъиялъул тадбир рагьилалде цебе киналго ралагьана гьарурал хIалтIабазухъ. Хадуб ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан школалда ккараб хиса – баси баркана ГI-М. МухIамадовас, баркала загьир гьабуна гьединаб проект гьабурав республикаялъул бетIер В. Васильевасе ва школалда хIалтIи гьабуразе.

Дандеруссиналда кIалъаял гьаруна Л. МухIамадгIалиевас, М. Юсуповас, Э. Камалудиновас. Жидерго цере рахъиналдалъун тадбир берцин гьабуна ГI. Бигишиевалъ ва школалъул цIалдохъабаз.

# ПатIимат-хIажил мажгит

ГIалимзабаз жидерго вагIза-насихIатазулъ гIемер рехсола билъанхъулеб садакъаялъул пайда, хиралъиялъул хIакъалъулъ. Масала, мажгитал, мадрасаби рай, лъим бахъи, иццал. нухал къачIай, кьоял гьари, гьутIби чIей ва цогидалги.

Аварагасул(с.т.гI.в.) хIадис буго: «Лъица бугониги хIанчIил рукъ гIанисеб мажгит бан, Аллагьас гьесие алжаналда жаниб рукъ бала»,- ян. Абу Гьурайратидасан бачIараб цойги хIадисалда абулеб буго: «Мажгитал Аллагьасул рукъзал руго. Аллагьасе ракьалда бищун рокьулел бакIалги мажгитал руго»,-ян.

Унсоколо районалъул Балахьуниса, Майданское росулъ гIумру гьабун йигей, 1936 соналъ гьаюрай ГIабдулагьил яс ПатIимат-хIажица жийго бетIергьанаб ракь кьуна ракьалда Аллагьасул рукъ, ай авалалъул мажгит базе Аллагьасе гIололъун. Чанго соналъ хIалтIулеб бугеб мажгиталда жаниб лъабкъоялда анцIгоялдаса ц1икIкIарав чияс цадахъго как базе рес буго, гьенибго буго какие чуризе ва цогидалъеги санагIалъаби. Дагъистаналда бищун тIоцебе гIадин пихъ барщулеб, цебесан чвахулеб гIорги бугеб Майданское росулъ жакъа цо сотых ракьалъухъ кьезе кколеб буго 95-100 азарго гъурущ гIарац. ХIисаб гьабеха: жиндирго васасеги ва гьесул лъималазеги течIого гьелъ ракь кьун буго Аллагьасе гIололъун мажгит базе, жакъа къоялъ дагьал гурони дандчIваларо гьединал гIадамал. ГIалимзабаз абула: хIажичиясул хIаж кьабул гьабизе бокьараб мехалъ БетIергьанас гьесие, хIаж борхулеб заманалда, зарал ккезабулилан. ПатIимат-хIажи хирияб ракьалдаса жиндирго рукь бекун тIад юсана, гьединго гьелъ гIемер гьарула садакъабиги. Цогидал бусурбабаз жиндасан мисал босизе мустахIикъай муслимат йиго Балахьуниса ПатIимат-хIажи.

Аллагьас алжан насиб гьабеги гьелъиеги нилъеги! Амин!

**МухIаммад ГЪАЗИМУХIАММАДОВ, Балахьуни росо.**

# Мисалияй учительницаялъе - ХIурматияб Грамота



Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Рихьуни гьоркьохъеб школалъул историялъул ва общество лъазабиялъул учительница ПатIимат Лабазановагун. Гьенир гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул нач Л. МухIамадгIалиев, Рихьуни школалъул директор М. ХIасановаги.

ДандчIваялъе гIила букIана РДялъул лъай кьеялъул Министерствоялъ П. Лабазановалъе «За значительные успехи в организации совершенствовании учебного и воспитательного процессов, формировании интеллектуального, культурного и нравственного развития личности, большой вклад в подготовку учащихся и воспитании многолетний плодотворный труд», - абураб хъвай-хъвагIайгун бачIараб ХIурматалъул грамота кьуна ГI. НурмухIамадовас.

РакI – ракIалъ баркула П. Лабазановалда хIурматияб шапакъат!

# Педагогазул семинар

23 октябралда райадминистрациялда букIана байбихьул классазул учительзабазул семинар. Гьенир гIахьаллъана 24 педагог. Аслияб тема семинаралъул букIана «2019-2020 соназда ТIолгороссиялъул хIалтIабазул халгьабиялъул хIалтIи гIуцIиялъул къагIидаби», - абураб. Педагогазе лекция цIалана Дагъистаналъул лъай кьей цебетIеялъул институталъул кафедраялъул доцент А. М. Гьайирбековалъ.

Семинар гIахьаллъаразе пайдаяб куцалда ана.



# ИНФОРМАЦИЯ

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» информирует жителей района о том, что Постановлением Правительства Республики Дагестан от 14 октября 2019 года № 252 утвержден **Порядок предоставления компенсации расходов малоимущим многодетным семьям и малоимущим одиноко проживающим гражданам на приобретение пользовательского оборудования для подключения к цифровому вещанию в Республике Дагестан.**

Согласно данного Порядка граждане РФ, зарегистрированные на территории Унцукульского района, относящиеся к категории:

**- малоимущие многодетные семьи,**

**- малоимущий одиноко проживающий гражданин,** среднедушевой доход которых ниже величины прожиточного минимума имеют право на компенсацию расходов на приобретение пользовательского оборудования для подключения к цифровому вещанию, приобретенного в период с 01.05.2019г. по 30.04.2020г. Размер компенсации - до 1 500 руб.,

Лицам, зарегистрированным в н.п. Моксох, Иштибури, Харачи - до 6500 руб.

Для получения данной компенсации необходимо обратиться в УСЗН в МО «Унцукульский район» до 15 мая 2020 года с заявлением.

К заявлению нужно приложить:
- копию паспорта с отметкой о регистрации;
- чек или квитанцию;
- техпаспорт приобретенного оборудования;
- банковские реквизиты для перечисления средств.

Тел.для справок: **8 988 206 56 15** или **55 64 83**

## ЛЪАЗАБИ

2019 соналъул 3 июлалда Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъ МухIамадгIалиева ХIапсат ХIажимурадовналъул цIаралда кьураб **№ 00518001610921** бугеб, аслияб гIаммаб лъай кьеялъул аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2019 соналъул 1 июлалда Унсоколо №2 школалъ МухIамадгIалиев ГIабдула ХIажимурадовичасул цIаралда кьураб **№ 00504000010076** бугеб аслияб гIаммаб лъай щвеялъул аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**398940 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**51373**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 23. 10. 19 г. 16:30
фактически -16:50 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.